# 23 ФЕВРАЛЯ



# Салдат – Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнæг
# Эпиграф: «Вы мир отстояли, а мы сохраним»



Алыккаты Хазби æмæ йæ фæдонтæ цæйнæ фæлтау сæ Райгуырæн бæстæ æфхæрдæй, хъалондарæй уыдтаиккой, уый бæсты райстой кады мæлæт. Йæ фæстаг ныхæстæ мæлгæйæ Хазбийæн уыдысты:

***«Цин кæнын, мæрдтæм цæугæйæ хъалондар кæй нæ уыдтæн, ууыл».***

Нана, Хазбийы мад, йæ мард хъæбулы уæлхъус афтæ загъы*:* ***«Æз мæ иунæгыл нæ кæуын, уый мын йæ хæс дывæлдагъæй бафыста. Æз Иры худинагыл кæуын, нæ бæстæ, нæ Райгуырæн зæхх абонæй фæстæмæ æфхæрд æмæ ссæст кæй уыдзæни, ууыл кæуын».***

**Джыккайты Шамил фыста:**

**«Нæртон фæсивæд нæ бауаддзысты хынджылæг кæнын сæ зæхх æмæ сæ адæмæй, сæ мадæлтæ æмæ сæ уарзæттæй. Тыхгæнæг Мукаратæ æмæ Алæфтæ гуылмызтæ æмæ уæнгсæстытæй агурдзысты æрхыты лидзæн фæндæгтæ.Фæрныг у Ирыстон Нæртон æхсар æмæ лæгдзинадæй».**



*Чысыл ыстæм, фæлæ æнæтых не стæм*
*Æнæныфсæй нæ бахизæд Хуыцау,*
*Нырма Сослантæ сты нæ фæйнæг фæрстæ,*
*Нæма курæм Батрадзтæ дæр æфстау.*
*Ир не лхæны æндæр рæтты Иссæтæ,*
*Хæстон бæх нæм йæ бахъуыджы – цæттæ…*
*Гъей – ей, фыдгул, фæсайдзæн дæ дæ зæрдæ*
*Фыды фарн Иры нæ ацæуы мæрдтæм.*















